# Б.СЕЙТАЕВТЫҢ «АЛМА ГҮЛЛЕГЕН ПАСЫЛ» ПОЭМАСЫНДА ЛИРИКАЛЫҚ ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫНЫҢ ЖАСАЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИГИ

**Нуржанов М.**

*Бердак атындағы ҚМУ қарақалпақ әдебияты кафедрасы еркин излениўшиси*

**Гилт сөзлер:** лирикалық поэма, проблематика, диалог, монолог, лирикалық шегинис, лирикалық характер.

**Key words:** lyricism poem, problematics, dialogue, monologue, lyricism sheginis, lyricism character

**Аннотация:** Бул мақалада қарақалпақ шайыры Б.Сейтаевтың «Алма гүллеген пасыл» поэмасында лирикалық қаҳарман образының жасалыў өзгешелиги сөз етиледи. Бунда шайырдың диалог, монолог, лирикалық шегинис қусаған көркемлик әмеллерден пайдаланыўдағы өзине тәнлиги ашып бериледи.

**Annotation:** In this article, in the poems of the Karakalpak poet B.Seitaev "The season when apple bloom", the uniqueness of creating the image of a lyrical hero was explored. In this case, the originality of the use of such artistic techniques as dialogue, monologue and lyrical digression is investigated.

XX әсирдиң ақыры ҳәм XXI әсирдиң басындағы лирикалық поэмалардың раўажланыўына нәзер салып қарасақ, олардың сюжетлик-композициялық қурылысында лиризмниң салыстырма салмағының артқанлығының гүўа боламыз. Ең баслысы, буларға ортақ жанрлық-стильлик сыпат сонда, оларға өмирдиң, тарийхый дәўирдиң бир ғана моментине гизетип алынып, сол арқалы белгили бир идеялық-эстетикалық бағыт таңланып, усыған сәйкес жанр қурамында лиризм күшейтилип, объектив турмыстың ҳәдийселери символико-метафоралық қәсийетлер менен байытыў арқалы сүўретленген. Мине, усындай сыпатлы белгилердиң Б.Генжемуратовтың «Суўпери», О.Сәтбаевтың «Гүлдирсин», Ж.Тәжетдиновтың «Арба», Б.Сейтаевтың «Алма гүллеген пасыл», Т.Жумабаевтың «Хәр кимниң өз жолы» атлы поэмаларында өзине тән стильлик бағдарда сәўлеленгенин көриўге болады. Бул жыллардағы лирикалық поэмалардың жанрлық-стиллик өзгешеликлери арнаўлы түрде изерленбегени менен, олар туўралы базы әдебиятшы алымлардың мийнетлеринде баҳалы пикирлер билдирилди [1].

Усы көзқарастан алып қарағанымызда, Б.Сейтаевтың «Алма гүллеген пасыл» поэмасының сюжетлик-композициялық дүзилиси тийкарынан лирикалық қаҳарманның психологиялық кеширмелерине, лирикалық шегинислерине қурылған. Шығарма лирикалық қаҳарманның жас жигит ўақтында кеўли кеткен, бирақ, турмысқа шығып кеткен дайы қызы менен өзгениң босағасында ушырасыў пайытындағы ой-толғаныслары, ой-сезимлери портретлик сүўретлеўлер менен басланады. Бул нәрсе шығармада муҳаббат атлы уллы сезимди автор көклерге көтерип, оны улыўма адамзатлық көз қарастан сәўлелендирген.

Мысалы:

Естен кетпес алма бағы,
Ушырастық бизлер тағы.
Көп жылларды артқа салып,
Сезимлерим сен деп талпынар,
Еле сол баяғы ҳалатым…
Есигиңди аштың айқара.
Жамылыпсаң келин халатын,
Толқынланған шийрин ойларым,
Ақаба суў киби тартылып,
Кете алмай изге айланып,
Босағаңнан өттим тартынып [2].

Бул қатарларда шебер қолланылған поэтикалық усыллар дыққатқа ылайық. Мысалы, бурынғы ашығының басқа бир шаңараққа келин болып түсиўи, оған шай қуйып сый-көрсетиў әдеп-икрамлылығы обьектив қаҳарманның қыймыл-қозғаласлары, портретлик көринислери менен тәсиршең формада сәўлелендирилген. Ал, усындай сүўретлеў поэтикасы тағы да диалог, фольклоризмлердиң жәрдеми менен және де мынадай етип жырланғаны шығармадағы лиризм менен көркем психологизмди күшейтиўге хызмет етеди.

Қара шайдың кейини күйгенге,
Бериледи, илсин зейиниң,

Ал, көк шайдың соңы сүйгенге,
Таўысып иш қуйдым кейинин [2.183].

Поэмада шайыр усындай қатарлардан кейин лирикалық қаҳарманның ой-сезимлер ағымын, оның туңғыш муҳаббатына деген сезим туйғысын былайынша сәўлелендиргени оның өзине тән көркемлик изленислеринен дәрек береди.

Мине, усы бир кесе көк шай,
Шөлиркеген дәртиме дәрман,
Таўып айтқан сөзлериң қандай,
Енди маған мәңгилик әрман!...
Рахмет таўыстым шайды,
Дийдарына тоймадым қанып,
Өмир изге ҳеш айланбайды,
Тек усыған турыппан янып!... [2.183]

Туңғыш муҳаббат дәртин усылайынша өз тәбийий ағысы менен бериўде шайырдың өзине тан стили бар. Бул оның көркем тил поэтикасында «жанып» емес, ал оның фонетикалық өзгериске ушыраған «янып» сөзин, яғный, лирикалық қаҳарманның ишки дебдиўин образлы сүўретлеўге хызмет ететуғын сөзди ислетиўинде көринеди. Демек шайыр бул сөзге белгили көркем функция жүкленген. Шайыр шеберлиги оның поэмаға атама таңлаўында да көринеди. «Алма гүллеген пасыл» атамасы үлкен поэтикалық хызмет атқарып, дайылы-жийенли жигит ҳәм қыздың туңғыш муҳаббат сезимлериниң тап сол мәўритлерде ояныўын, тап сол жыл мәўсими келген сайын олардың туңғыш сәўги сезимлериниң еске түсиўин сүўретлеў менен қаҳарманлар минез-қулқы, характери тереңнен ашылады. Сол жылғы тәбият көриниси олардың көз алдында қайта жанланып, олардың ышқы дәртин үрлейди. Усы көркем детальлық сүўретлеў менен лейтмотивлик мотивтиң автор тәрепинен усталық пенен пайдаланыўы оның сүўретлеў шеберлигиниң белгиси болып табылады. Ал, төмендеги қатарлар арқалы шайыр оқыўшы көз алдына өшпес «сүўрет» сызғандай сезиледи.

Бәҳәр келди тағы айланып,
Ески дәртлеримди қозғаған.
Бағ-бағшалар гүлледи аппақ,
Ҳәремлерди безеп собықлар.

Суў сыңғырлап салмадағы,
Сулыў қосықларын айтады.
Босап қалған алма бағы,
Сол күнлерди аңсап жойтады [2.184].

Әлбетте, лирикалық поэмаларда тәбияттың жанландырылып, оның үстине әдебий қаҳарманлардың ис-ҳәрекетлери, руўхый-психологиялық ситуациялар менен қатар ямаса контраст қойылып сүўретлениўи елеўли көркем функцияны атқарады. Усы көзқарастан, Б. Сейтаевтың айтып өтилген бул поэтикалық усылларды шеберлик пенен пайдаланғаны дыққатқа ылайық. Мысалы:

Ал, сен қумай көзиң мөлдиреп,
Бәрин-бәрин умытқандайсаң.
Бир тартарың баста желбиреп,
Бағқа кирип киятырғандайсаң.

Қатал ышқы имтиханлары,
Кимди өткерип, кимди «қулатқан»,
…Аппақ гүллер ақ көйлегиңниң,
Ирецинен ҳасла айнымас… [2.184].

Айтылған сөзлердиң барлығы лирикалық қаҳарманның еске түсириўи- сүйген қызының турмысқа шығып, оны қайта ушыратқан ўақыттағы ой-сезимлери формасында сүўретленген. Ал, поэма сюжетиниң келеси жағында оның лирикалық, лирико-психологиялық кеширмелери кейинге шегиндириў формасында берилген:

Балалықтың шарлап дәстанын,
Бүгин изге қайтажақпан.
Умытылмас ышқы дәстанын,
Бастан сөйлеп айтажақпан.

Қоламтаның өшпейжақ қозы,
Қайта алысып мазлайжақтай.
Кетпейтуғын ҳеш ўақыт тозып,
Ески дәртти қозғайжақпан.

Жарылайын сөйтип ҳағынан,
Дәртлеримди азы-кем бөлиссең.
Балалықтың алма бағынан,
Терип қайтажақпан алма периштем… [2.185].

Лирикалық қаҳарманның туўылған аўылына дайы қыздың ҳәр жылы бәҳәр, жаз мәўсимлеринде каникулға келип, оның менен бирге суўда қалақ ойнап, хош ҳаўаз даўысы менен: «Аттым саған қызыл алма, ...Қумар болсаң уйқылап қалма!» сыяқлы қосықларын атқарып ойынға түсиўлерин еслеўлери, ал, дайы қыздың үйине барғанда болса, қыз оған ажағасының саатын әкелип, оның қолына тағып, ендиги келгенинше таза саат баў (браслет) алып қояман, ажағам сениң қолыңнан бул саатты шешип ала алмайды-ғой, беккем бол!» ҳәм т.б. сөзлери менен оның шоқ минезиниң билдирилиўи, ақыр-аяғында қыздың өзинен бурын ержеткенлигин аңлататуғын қылўаларын еслеп пушайман жеўлери ҳәм т.б. лирикалық ой-сезимлери  лирикалық поэма жанрының талабына муўапық берилген.

Ақ, туфлий, сары ала шайың,
Жасандырып кийип киятырсаң.
Гөззаллығын пүткил дүньяның,
Бойларыңа жыйып киятырсаң.

Жерден жети қоян тапқандай,
Кеўилимиз бәлент аспандай,
Түсип кетер едик ойынға [2.186].

Поэмада  шайырдың лирикалық қаҳарманның жүрек төринен шыққан усындай картиналық, детальлық көринислер менен ҳәрекетшең қыймыл-қозғалысларды лирико-психологиялық сүўретлеў усыллары менен бериўи сөз етип отырған  поэманың поэтикалық қурылысин түрлендирип, рәң-бәрең бояўларға бояп,  баянлаў қурылысының әлўан түрли болыўына хызмет етеди. Шығарманың усындай қәсийетлери қаҳарман образын ашыўға, стилтлик сыпатларының және де тереңлесиўине хызмет етеди.

Тал бурымың жаңа жетилип,
Он алтыға толған қыз един.
Тымса әрман ашып есигин,
Алып ушып турды жүрегиң.

Көзқараслар, сырлы уғымлар,
Татлы қушағында тербелтип.
Шынында да меннен бурынлаў,
Киятқандай един ержетип [2.187]

Қаҳарман образын жаратыўдағы бундай тереңлик пенен лиризмниң байлығы тағы да ҳәрекетшең қыймыл-қозғалыс ҳәм диалог формалары менен байытылып сүўретлениўи поэманың айтарлықтай табысы, оның лирикалық қаҳарман, обьектив қаҳарман образын ашыўдағы жетискенлиги болып есапланады.

«…Аттым саған қызыл алма» - деп,
Ойнап турып қосық айтар ең.
Қумар болсаң уйқылап қалма!-деп,
Жангенемди мениң шайқар-ең!

Қазан қоста екеўимиз ҳәр күн,
Шай қайнатып, отлар жаққанда.
Сөзлериңниң уғалмай парқын,
Жүрегимде шақмақ шаққанда.

Отларымыз алыспай бирден,

Салар едик қуўрақ тамызық.
-Жанар ма? – деп сорар ең, -гүўлеп,
Шағарма деп мени маңызын [2.187].

Мине, бул қатарларда не деген терең ойлылық, ҳақыйқат өмир картиналары уғындырылып, олар жигит пенен қыз жүрегиниң сырларын, ышқы тарларын шертип турғандай. Бул ҳалатты бериўде диалог тийкарғы поэтикалық форма сыпатында шебер қолланылған. Мысалы:

- Бул заманда қызлар ериншек,
Отырмайды бундай от жағып,
Әкелерде, бәлким, келиншек,
Қоярсаң да газ ошақ алып…

Умытпайман еле ядымда,
Қалайынша ышқың жаққанын,
Аңғардың ба, от емес сонда,
Жангенем пысқып атқанын [2.187]

Поэма проблематикасын жарыққа шығарыўда лирикалық қаҳарман образының тутқан орны салмақлы. Оның автор идеясын оқыўшыға жеткериўдеги функциясы үлкен. Сонлықтан бул поэма оқыўшының эстетикалық ой-сезимин байытыўға хызмет етеди. Жасларды тек ғана муҳаббат жолында емес, улыўма өмирде сергекликке, ақыл-парасат шоққысына шарлайды. Көркем әдебиятымыздың усындай табыслары бүгинги ақыл-парасат дүньямыздың жаңа дәўирге сай раўажланып, бийикке талпынып атырғанлығын аңлатады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Пахратдинов Ә. Алламбергенов К. Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2011; Турдыбаев Қ. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ поэзиясы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 2011; Смамутова Ш. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ тирикасында халық поэзиясы дәстүрлериниң раўажланыўы. Нөкис: Илимпаз, 2022.
2. Сейтаев Б. Алма гүллеген пасыл. Қосықлар ҳәм поэма. –Нөкис: Билим, 2007.